

Pou Jwenn Naloxone nan Famasi: Sa Ou Bezwen Konnen

Pwen Enpòtan

- Naloxone se yon medikaman san danje ki kapab envèse yon òvèdòz opiyoyid.
- Opiyoyid yo se medikaman ki kapab ralanti oswa sispann respirasyon ou; yo gen ladan analjezik ak ewoyin sou preskripsyon.
- *Nenpòt moun* ki bezwen naloxone kapab jwenn li nan famasi patnè yo, san preskripsyon. Sa gen ladan moun ki arisk pou fè òvèdòz ak moun ki temwen *yon lòt moun k ap fè* yon òvèdòz.

KIJAN POU MWEN JWENN NALOXONE NAN YON FAMASI?

Li senp: antre nan yon famasi patnè epi mande pou naloxone — ou pa bezwen yon preskripsyon. Pou jwenn famasi patnè ki toupre ou, ale sou sitwèb nyc.gov/health/map.

ÈSKE GEN DIFERAN KALITE NALOXONE?

Gen kat (4) kalite naloxone:



Espre Nazal Yon sèl Etap
(Narcan®)



Espre Nazal an
Plizyè Etap



Oto-Enjektè pou administre nan
mis an yon sèl etap (Evzio®)*



Enjeksyon pou administre nan
mis an plizyè etap

**Oto-enjektè Evzio® disponib san yon preskripsyon nan CVS, Duane Reade, Walgreens ak Stop & Shop.*



Di famasyen an si ou vle yon kalite naloxone espesifik.

ÈSKE MWEN BEZWEN ASIRANS POU JWENN NALOXONE?

Ou kapab jwenn naloxone kit ou gen asirans kit ou pa genyen. Pri naloxone san asirans pou preskripsyon se apeprè \$45 pou enjeksyon nan mis an plizyè etap la, \$85 pou espre nazal an plizyè etap la, \$150 pou espre nazal yon sèl etap la, epi \$4,000 oswa plis pou oto-enjektè a. **Naloxone disponib gratis tou nan pwogram kominotè yo tout kote nan vil la.** Ale sou sitwèb health.ny.gov/diseases/aids/general/resources/ooop_directory/index.htm oswa rele 311 pou jwenn yon pwogram.

KONBYEN M AP PEYE SI MWEN GEN ASIRANS?

Anpil konpayi asirans garanti naloxone kote ou pa peye okenn kopeman oswa ou peye youn tou piti. Verifye avèk konpayi asirans ou pou wè si gen nenpòt depans anplis oswa limit pou jwenn naloxone. Souvan gen yon frè an plis (nòmalman \$5 oswa pi piti) pou espre nazal an plizyè etap la — menm si asirans ou garanti medikaman an. Famasyen an kapab ede ou fè chwa ki pi bon mache a.

ÈSKE M AP JWENN ENSTWIKSYON SOU KIJAN POU MWEN ITILIZE NALOXONE?

Wi. Famasyen an dwe ba ou yon fòmasyon kout ak enstwiksyon alekri sou kilè ak kijan pou itilize naloxone ak fason pou

reyaji nan yon ijans oswa òvèdòz opiyoyid. Si famasyon ou pa ba ou enfòmasyon sa a, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche “**prevent overdose**” (**evite òvèdòz**) pou jwenn plis enfòmasyon. Famasyon an kapab poze ou detwa kesyon tou pou li asire ou konprann kijan pou ou itilize naloxone.

KÒMAN M AP JWENN NALOXONE TOUSWIT?

Kèk famasi ap gen kalite naloxone ou vle a nan estòk. Lòt yo ka bezwen pase kòmman. Si ou pa kapab jwenn naloxone touswit, anjeneral l ap disponib apre kèk jou.

ÈSKE LI LEGAL POU MWEN GENYEN SOU MWEN EPI POU MWEN UTILIZE NALOXONE?

Wi. Lwa Eta New York pèmèt nenpòt moun ki te resevwa fòmasyon nan yon famasi oswa nan pwogram kominotè pou yo genyen sou yo epi pou yo sèvi ak naloxone. Answit, Lwa Eta New York konsènan Bon Samariten 911 (New York State 911 Good Samaritan Law) bay gwo pwoteksyon pou nenpòt moun ki rele 911 pou sove lavi yon moun, menmsi gen prezans dwòg kote moun nan fè òvèdòz la.

ÈSKE MWEN GEN POU MONTRE IDANTITE MWEN POU RESEVWA NALOXONE?

Non. Naloxone pa yon sibstans kontwole, kifè ou pa bezwen montre pyès idantite ou. Famasyon an ka mande pou wè yon pyès idantite pou genyen li nan dosye li, men y ap kenbe non ou ak enfòmasyon ou yo sekrè. W ap bezwen montre kat asirans ou si ou gen asirans.

ÈSKE GEN YON LIMIT SOU LAJ?

Non, men yon famasyon gendwa refize bay yon moun ki gen pi piti pase 16 lane naloxone.

KI KOTE MWEN KAPAB JWENN YON NOUVO DÒZ NALOXONE MWEN?

Ou kapab jwenn yon lòt dòz naloxone nan famasi patnè yo. Mande yon lòt dòz naloxone si ou te itilize li, li pèdi, li domaje, oswa li ekspire. Famasyon an ka poze ou kèk kesyon pou ede Depatman Sante Vil New York swiv konbyen moun ki itilize naloxone. Famasi a ak Depatman Sante pral kenbe enfòmasyon pèsònèl ou sekrè.

ÈSKE NALOXONE EKSPIRE?

Wi. Yo make dat ekspirasyon an sou naloxone. Sonje pou mande yon lòt dòz naloxone ou lè li dat la depase.

Plis Enfòmasyon ak Resous

Jwenn enfòmasyon sou naloxone:

- Ale sou sitwèb nyc.gov/health/naloxone

Jwenn enfòmasyon sou prevansyon òvèdòz:

- Ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche “**prevent overdose**” (**evite òvèdòz**).

Jwenn referans pou tretman oswa sèvis rediksyon domaj pou moun ki ge pwoblèm epi k ap itilizasyon opiyoyid ak lòt maladi ki gen pou wè ak pran dwòg oswa alkòl:

- **NYC Well:** Rele 1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355), voye yon tèks ki di WELL bay 65173 oswa ale sou nycwell.cityofnewyork.us
- **Anyè Ajans ki Ofri Sèvis Pou Abi Alkòl ak Dwòg (New York State Office of Alcoholism and Substance Abuse):** oasas.ny.gov/ProviderDirectory
- **Administration Sèvis Abi Sibstans ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA) Lokalizatè Doktè Tretman Buprenorphine:** Ale sou sitwèb samhsa.gov epi chèche “**buprenorphine treatment locator**” (**lokalizasyon tretman buprenorphine**)
- **Lokalizatè Sèvis ThriveNYC:** nyc.gov/thrivenyc